



Diocese of Palm Beach

9995 North Military Trail • P.O. Box 109650
Palm Beach Gardens, Florida 33410-9650

Office of
THE BISHOP

(561) 775-9595 Fax (561) 775-7035

Jiyè 2025

Chè Frè ak Sè nan Kris la:

Semèn Sensibilizasyon sou Planifikasyon Fanmi Natirèl (PFN) se yon kanpay edikasyonèl nasyonal anyèl patwone pa Konferans Evèk Katolik Etazini (USCCB) pou ogmante konsyantizasyon ak selebre plan Bondye pou moun ki marye nan renmen ak kado lavi a. Dokiman USCCB a Marye nan renmen ak Kado Lavi a klarifye kijan NFP sipòte kwayans Katolik sou moun ki marye nan renmen paske li "respekte pouvwa Bondye bay pou renmen yon nouvo lavi ki pran nesans." NFP modèn, ki baze sou metòd syantifik, pèmèt koup yo patisipe nan aksyon kreyatif Bondye a pandan y ap adrese bezwen imen yo pou planifye fanmi yo pandan yap evite domaj espirityèl ak fizik devastatè ki koze pa metòd kontrasepsyón atifisyèl yo.

Ane sa a, Semèn Sensibilizasyon NFP ap obsève soti 20 rive 26 Jiyè avèk tèm nan: "Pouswiv yon lanmou dirab... Maryaj, Kreye espwa pou lavni! Planifikasyon Fanmi Natirèl, Sipòte kado lanmou ak lavi Bondye nan maryaj. Pandan celebrasyon semèn sa a, nou mete aksan sou anivèsè Humanae Vitae (25 Jiyè) ki atikile kwayans Katolik sou seksyalite imen, lanmou konjigal, ak paran responsab. Anplis de sa, nou selebre fèt Sen Joachim ak Sent Ann (26 Jiyè), paran Vyèj Mari ak granparan Jezi yo.

Kom toujou, men sitou pandan Semèn Sansibilizasyon NFP a, mwen ta renmen felisite koup marye sa yo ki viv angajman maryaj yo pou yon lanmou lib, total, fidèl ak pote fwi. Mwen ankouraje tout koup marye ak moun kap prepare pou maryaj pou yo reflechi sou maryaj aktyèl yo oswa maryaj yo nan lavni ak kijan yo ka otantikman ak responsabman akonpli angajman yo pou yon lanmou kap pote fwi. Si ou pokò konsidere NFP oswa ou gen kesyon, mwen ankouraje w pou w mennen ankèt epi dekouvri richès NFP a. Tanpri vizite sit entènèt nou an nan www.usccb.org/catholic-relief pou resous ak plis enfòmasyon oswa rele 561-775-9557.

Avèk tout volonté lapriyè m, se mwen,

Sensèman nan Kris la,

Monsenyè Gerald M. Barbarito
Evèk Palm Beach